*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№175 (26627)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 24 сентябрь – рухæны мæйы 24 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФЕМБÆЛД
**Президенты арфæ сылгоймæгтæн**

3 ИСТОРИЙЫ СЫФТÆ
**Аликкаты мыггаг**

4 ÆРДЗ – НÆ АЛФАМБЫЛАЙ
**Цъититы бæстæ**

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

**Фембæлд**

## Æрдзон газ – алы хъæумæ, алы хæдзармæ дæр



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН кусæг фембæлд уыд ООО «Газпром межрегионгаз»-ы генералон директоры хæдивæг Юрий ПАХОМОВСКИЙИМÆ. Ныхас кодтой регионы газы инфраструктурæйы рæзтыл æмæ фæлхасгæнджыты фиддонты мадзæлттыл.**

Æмбырды ма архайдтой ООО «Газпром межрегионгаз»-ы генералон директоры хæдивæг **Роман Седов**, Социалон фæлхасгæнджыты нымадмæ цæстдарды управленийы разамонæг **Александр Фролов**, «Газпром межрегионгаз Владикавказ» æмæ «Газпром газораспределение Владикавказ»-ы генералон директор **Хъодзаты Алан.**

Сергей Меняйло стыр аргъ скодта, республикæмæ газ æрбауадзын æмæ газæй цæрджыты сифтонг кæныны хъуыддаджы цы куыст цæуы, уымæн. Йæ ныхасмæ гæсгæ, регионалон Хицауад æмæ фæрæзтæ дæттæг организацийы нывыл æмгуыстады фæрцы программæ æххæстгонд цæуы æнтыстджын къахдзæфтæй.

– Нæ нысан у иу – алцыдæр нормативон домæнтæм гæсгæ саразын. Адæм хъуамæ сæ хæдзæртты исой газ – куыд æй бауадздзыстæм, уый та у нæ иумæйаг хъуыддаг. Уæлдай æргом здахæм фидыны мадзæлттæм дæр, – бахахх кодта Сергей Меняйло.

Юрий Пахомовский дæр фæбæрæг кодта республикæ æмæ «Газпром межрегионгаз»-ы æнтыстджын æмархайд.

– Фæнды нæ республикæйы разамындæн бузныг зæгъын, Цæгат Ирыстоны газ бауадзын æмæ цæрæн бынæттæ, хъæутæ газæй сифтонг кæнынæн цы объекттæ арæзт цæуынц, уый тыххæй. Республикæйы разамындимæ иумæ мах бакуыстам æмæ сфидар кодтам схемæтæ. Уыцы схемæтæ чи сарæзта æмæ сфидар кодта, Цæгат Ирыстон у иунæг ахæм республикæ. Бирæ фарстатæ лыггонд цæуынц хъуыддæгтæй æмæ æнгом æмархайды фæрцы – уый ахсджиаг у республикæйы цæрджытæн, цæмæй сæ хæрзвадат цардæн æрдзон газ афойнадыл исой, – загъта Юрий Пахомовский.

Бæрæг куыд у, афтæмæй Цæгат Ирыстоны уæлæмхасæн хæтæлыл цæугæ артаг райстой 3 мин хæдзарæй фылдæр. Нырыдæгæн республикæйы цæрджытæй райстой 4,3 мин курдиаты социалон проекты архайынмæ, се 'ппæтимæ дæр бафыстой бадзырдтæ, уыдонæй 3,8 мины æххæстгонд æрцыдысты. Газæй сифтонг кæныны хъуыддаджы Цæгат Ирыстон хауы Уæрæсейы раззагдæр дæс регионы номхыгъдмæ.

2021-2025 азты газ æрбауадзын æмæ газæй цæрджыты сифтонг кæныны программæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, республикæйы арæзт æрцыд газдæттæг станцæ «Зæрæмæг»-æй æмæ хызтæ станцæйæ туристон-рекреацион комплекс «Мамысон»-мæ. Ноджы ма поселокты 'хсæн газы хæтæлтæ сæвæрдтой курорты онг. Уый руаджы газ цæуын райдыдта Алагиры районы 9 хъæумæ.

2026-2030 азты газæй сифтонг кæныны программæмæ гæсгæ газы хызтæ арæзт æрцæудзысты Алагиры æмæ Æрæфы районты хъæутæм, альпинистон базæ «Комы-Арт», газдæттæг станцæтæ «Октябрьское», «Архонская» æмæ «Фарн»-ы рацарæзт, æмæ бæттæг газы хæтæл, цæмæй Горæтгæрон районы фæлхасгæнджытæ æрдзон артаг æнæкъуылымпытæй исой, уый тыххæй.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, Цæгат Ирыстон æрдзон газæй сифтонг кæныны фарстатыл, ацы аз июны мæйы Кремлы фембæлгæйæ, ныхас кодтой Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путин æмæ Сергей Меняйло. Нæ бæстæйы Сæргълæууæг фæбæрæг кодта, регион газæй сифтонг кæныны фарстатæ ахсджиаг кæй сты, цæмæй адæм банкъарой, сæ царды уавæртæ хуыздæр кæй кæнынц, уый.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Форум**

## Уæрæсейаг Кавказы истори



**Пятигорскы, зонындзинæдты центр «Машук»-ы уыд наукон-ахуырадон форум «Уæрæсейаг Кавказ: истори, ныры рæстæг æмæ фидæны сурæт». Форуммæ æрæмбырд сты бæстæйы Хуссайраг хайæ 150 специалисты-кавказиртасæджы.**

Хъуыддаг бантыст Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвары аппараты фæрцы Цæгат Кавказы федералон зылды. Ацы аз фылдæр æргом аздæхтой Кавказы истори, ныры рæстæг æмæ фидæны сурæтыл наукон æгъдауæй ахъуыды, зондамоныны архайд æрыгæттæ æмæ фæлтæрдджындæр иртасджыты 'хсæн сног кæнынмæ, кавказамоныны рæзтмæ иумæйаг фæндаг равзарынмæ.

Хицæн ныхас рауад, Кавказы историйы тыххæй æрыгæттæн цы хуызы дзурын хъæуы, уый тыххæй, медиапродуктты хуызтыл. Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты историон факультеты номæй форумы архайдтой факультеты декан, историон наукæты кандидат **Плиты Зæлинæ** æмæ Уæрæсейаг историйы кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг **Бимбасаты Руслан**.

Плиты Зæлинæ уыд стратегион сессийы архайæг, уым фæбæрæг кодтой Цæгат Кавказы рæзты сæйраг рахæцæнтæ. Нæ университеты минæвар йæ æмныхасгæнджытимæ дзырдта Уæрæсейаг Кавказы фидæны сурæт аразынил æмæ академион æмæхсæнады бынат уыцы хъуыддаджы фæдыл. Бимбасаты Руслан уыд «Национ æдасдзинады информацион быцæусидтытæ: кавказаг аспект»-ы ныхасы архайæг. Экспертæ рæгъмæ рахастой 9 æнусæй райдайгæйæ уырыссаг æмæ цæгаткавказаг адæмты ахастыты истори æмæ хъуыддаг раиртасыныл архайджыты бынат историон рæстдзинад бахъахъхъæныны фарстатæ.

Бимбасаты Руслан дзырдта Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты историон факультеты кусджыты архайды тыххæй, ома, ивгъуыды историон рæстдзинад зыгъуыммæ кæнын чи нæ уадзы, фæсивæдæн æцæг хъуыддæгтæ амоныны фæдыл. Хицæнæй фæбæрæг кодта сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, сæ бинонтæн æххуысы мадзæлттæ. Бимбасаты лæппу куыд загъта, афтæмæй уыцы фарста историон факультетæн хуымæтæг нæу, хахуыргæнæгæй-студентæй æмхуызонæй æххуыс кæнынц сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, сæ бинонтæн, идæдзæй чи баззад, йе 'вджид сабитæ кæмæн сты, уыдонæн. Сæрмагонд æфсæддон опрерацийы ветерантæн аразынц историон æмæ рухстауæн хъуыддæгтæ, наукон æмæ сæ æхсæнадон цардмæ æмхиц кæнынц.

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

**Ахастдзинæдтæ**

## Кафты æвзагæй – æнусон иудзинадмæ

**Дзæуджыхъæуы уыд Паддзахадон академион Адæмты хæлардзинады орденхæссæг адæмон кæфтыты ансамбль «Алан» æмæ зард æмæ кафты паддзахадон академион сгуыхт ансамбль «Донбасс»-ы дыууæ коллективы иумæйаг концерт. Уæрæсейы адæмты иудзинады азы фæлгæты культурон фæзынд бабæрæг кодта Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**



Спикер арфæ ракодта хъуыддаджы архайджытæн, уазджытæн æмæ йæ саразыныл чи бафыдæбон кодта, уыдонæн. Уæлдай арфæйы ныхæстæ республикæйы закъонæвæрынады оргæны разамонæг загъта Донецкы Адæмон республикæйы артисттæн, уыимæ, фæбæрæг кодта, æнæфæцудгæ æфсымæрон бастдзинæдтæ æмæ Донбассы ахадындзинад бæстæйы историйы – куыд Фыдыбæстæйы егъау индустриалон æмæ металлургон центр. Тускъаты Таймураз ма загъта, дыууæ регионы удварны иумæйаг хæзнатæ Донецкы зæххыл райгуырæг, се сфæлдыс-тад бирæнацион Уæрæсейы культурон бынтæм хаст кæмæн æрцыд уыцы зындгонд – Владимир Даль





æмæ Сергей Прокофьевы нæмттæ кæй иу кæнынц, уый.

– Ацы аз хуымæтæг нæу, уый цæуы нæ кадджын бæстæйы адæмты иудзинады нысанимæ. Æнæмæнг, нæ иудзинад, кæрæдзийæн баххуыс кæнын, нæ иумæйаг историйæн аргъ кæнын алкæддæр нæ Фыдыбæстæ кодтой тыхджындæр. Абон иумæ, уæхски-уæхск куы æрлæууыдыстæм уæд, ацы культурон æмархайдæн фæзынд ног нысан. Мæ зæрдæ не 'ппæтæн дæр зæгъы æнтыстдзинæдтæ, национ традицитæ бахъахъхъæнын, сабырдзинад æмæ фарн, – бахахх кодта Парламенты Сæрдар.



Тускъаты Таймураз, адæмон сфæлдыстад бахъахъхъæнын æмæ бæрзонд профессионалон дæсныдзинады тыххæй Цæгат Ирыстоны Парламенты Кады гæххæтт балæвар кодта зард æмæ кафты ансамбль «Донбасс»-æн.

Фæсивæды галуаны сценæйыл æвæрд концертон программæ æрбаиу кодта дыууæ хæдхуыз сфæлдыстадон скъолайы. Залы къух бакæнæн нæ уыд аивадуарзджытæй. Уыдон æмхуызон цин кодтой, æмæ тыхджын къухæмдзæгъдæй аргъ кодтой уырыссаг кæфтытæ æмæ зарджытæн æмæ ирон монументалон «Симд»-æн.

**ГÆБУАТЫ Галинæ**

### Дзырды фарн

*Хъазынæн дæр зонд æмæ æрхъуыды хъæуы.*

*ÆМБИСОНД*

Хатдзæгтæ

Дмитрий МЕДВЕДЕВ:

# Бахъахъхъæдтой æууæнкдзинад парти «Иугонд Уæрæсе»-мæ




**«Æвзæрстыты рæстæг сбæрæг адæмы æууæнкдзинад «Иугонд Уæрæсе»-мæ. 2026 азы хъæлæс кæныны бонты æвзарджыты нымæц уыдис 57 проценты. Уый æппæты бæрзонддæр бæрæггæнæн у фæстаг азты», – загъта Дмитрий МЕДВЕДЕВ æвзæрстыты рагагъоммæйы бæрæггæнæнты тыххæй.**

«Нæ ныхмæлæуджытæ тырныдтой æмæ архайдтой æвзарæн кампанийы мадзæлттæ фехалынил, террористон фыдракæндтæ саразынил, бирæ цæлхдуртæ нын нæ размæ сæвæрынил, уæддæр æз стыр бузныг зæгъын нæ бæстæйы граждæнтæн, хъæлæс кæнынмæ иузæрдионæй, сæрæнæй кæй цыдысты, уый тыххæй».

Дмитрий Медведев фæнысан кодта, хъæлæс кæныны мадзæлттæ граждæнты, æвзарæн къамистæ æмæ бархионты фыдæбонæй кæй ацыдысты, уый дæр.

«Фадатæй пайдагæнгæйæ, æз се 'ппæтæн дæр арфæ кæнын. Уæлдайдæр, фронты тæлммæ æввахсдæр чи у, уыцы регионтæн, куыд тæссаг уавæрты цыдысты хъæлæс кæнынмæ, уый не 'ппæт дæр æмбарæм. Хъыгагæн, фыдбылызтæ дæр æрцыдис, фæлæ æвзарæн мадзæлттæ аккаг æмвæзадыл ахицæн сты».

Дмитрий Медведев ма зæрдыл æрлæууын кодта, æвзæрстыты кæй архайдтой сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ дæр.

«Уырны мæ, адæм сыл кæй бауæндыдысты. Фыдыбæстæйы сæраппонд, йæ хæдбардзинад æмæ йын хъомыс фидардæр кæнынæн нæ хъæбатыр æфсæддонтæн сæ цард æнæхъæнæй дæр хæстон сгуыхтдзинæдтæй нывæзт у».

Кæронбæттæны Дмитрий Медведев бахахх кодта, «...парти «Иугонд Уæрæсе»-мæ нæ бæстæйы алы регионты цы æууæнкдзинад равдыстой, уый фидæны нодджы ахъаззагдæр куысты цыренгæнæг тых кæй у».

«Æвзарджытæй ахæм мандаты хицау уæвгæйæ, бавналдзыстæм, регионтæм дæр æрвыст чи цæудзæн, уыцы Адæмон программæтæ æххæст кæнынмæ. Уый егъау куыст у, фæлæ æз æппындæр дызæрдыг нæ кæнын, нæ парти, куыд бæрнон политикон тых æмæ нæ бæстæйы раззагдæр политикон парти, афтæ сарæхсдзæн æппæт цæлхдурты сæрты ахизынмæ дæр».

Цæгат Ирыстоны Æвзарæн къамисы рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, хъæлæс кæнынмæ æрбацыд æвзарджыты 85,52 проценты. «Иугонд Уæрæсе» æрæмбырд кодта 286 208 хъæлæсы, уый у хъæлæсгæнджыты 65,12 проценты. Иугай мандатон æвзарæн зылды раззагдæр у «Иугонд Уæрæсе»-йы кандидат **Таймазты Артур**. Артурыл схъæлæс кодтой 337 248 адæймаджы (75,95 проценты).

«Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон хайады секретарь **Сергей Меняйло** арфæ ракодта нæ республикæйы цæрджытæн æвзæрстыты сæ сæрæн архайд æмæ граждайнаг ахастыты фæдыл.

– Рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæ хыгъд æрцыдысты. Æртæ бонмæ схъæлæс кодтой 400 мин адæймагæй фылдæр. Æппæт партиты разæй фыццаг бынаты ис «Иугонд Уæрæсе» – 65 проценты. Ацы нымæц дзурæг у ууыл, æмæ нæ республикæйы цæрджытæ бæрнон цæстæй кæй ракастысты æвзæрстытæм. Адæмæн ахсджиаг у зонын, сомбон цавæр уыдзæн, уый. Мах цæттæ стæм иумæ нæ амондджын фидæныл кусынмæ. Иумæйаг хъарутæй нæ къухы бафтдзæн, цы нысантæ æмæ хæстæ сæвæрдтам нæ размæ, уыдон сæххæст кæнын æмæ размæ ныфсджынæй цæуын, – загъта Сергей Меняйло.

Æвзæрстыты сæйраг кампани ацыд Паддзахадон Думæмæ. Нæ бæстæйы цæрджытæ ма равзæрстой бæрзонддæр бынæттæм кандидатурæтæ 11 регионы, нæ бæстæйы 39 субъекты закъонæвæрынадон оргæнты депутаттæ æмæ нæ бæстæйы 10 субъекты муниципалон скондты, административон центрты оргæнты депутатты.

**САНАТЫ Альбинæ**

Фембæлд

# Президенты арфæтæ – сылгоймæгтæн



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд Уæрæсейы Сылгоймæгты цæдисы регионалон хайады минæвæрттимæ. Уыдон хорзæхджын æрцыдысты нæ бæстæйы Президент Владимир ПУТИНЫ арфæйы фыстæджытæй. Æхсæнадон организацийы æртæ сæрæн сылгоймагæн Владимир Путины къухæвæрдимæ фыстæджытæ радта Сергей Меняйло.**

Гуманитарон архайд æмæ социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм хъуыддæгтæ цæттæ кæнын æмæ аразыны æнтыстджын куысты фæдыл УФ-йы Президенты арфæйы фыстæджытæ райстой: **Людмила Тихонова, Магкæты Аллæ** æмæ **Ольга Некрасова**. Нæ республикæйы Сæргълæууæг куыд загъта, афтæмæй Президенты фыстæджытæ бæрзонд бæрæггæнæн сты, социалон хъæппæристæ æххæст кæнын æмæ æхсæнадон рæзтмæ зынгæ бавæрæн цы Сылгоймæгты цæдисы уæнгтæ хæссынц, уыдоны фæллойæн.

– Арфæ уын кæнын уæ сæрæн архайдæн, сабидуг æмæ мады фыдæбонæн, бинонты традицитæ фидардæр кæй кæнут æмæ рæзгæ фæлтæры хъомыладмæ ахъаззаджы æвæрæн кæй хæссут, уый тыххæй. Нæ республикæйы сылгоймæгтæм уæлдай ахастдзинад ис, дис кæнæм уæ æхсæнадон куыст æмæ традицион хæзнатыл æнувыддзинад сæрæн граждайнаг миниуджытыл куыд бæттут, ууыл дæр, – загъта Сергей Меняйло.

Æхсæнадон организацийы сылгоймæгты схорзæхджын кæныны хъуыддаг арæзт æрцыд Советон сылгоймæгты антифашистон комитеты равзæрды 85 азы кадæн.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Хъæугæ ныхас

# Фæндæгтыл цæуыны æдасдзинадæн

**Хуссар æфсæддон зылды 116-æм æфсæддон автоинспекцийы кусджытæ Дзæуджыхъæуы паддзахадон автоинспекцийы инспектортимæ фембæлдысты Уæрæсейы Федерацийы Хъахъхъæнынады министрады Цæгат Кавказы суворовон æфсæддон училищæйы ахуырдзаутимæ. Сæ ныхасы сæр уыд фæндæгтыл цæуыны æдасдзинад.**

Кæронбæттæны училищæйы суворовонтæй Æппæтуæрæсеон конкурс «Фæндæгтыл цæуыны æдасдзинад»-ы архайджытæй хуыздæр бæрæггæнæнтæ чи равдыста, уыдонæн раттой грамотæтæ æмæ дипломтæ.



Фембæлд байгом кодта фæндæгтыл æдасæй цæуыны службæйы къорды хицау **Хъайтмазты Константин**, уый суворовонтæн сæ зæрдыл æрлæууын кодта, цæмæй фæндæгтыл цæуыны архайджытæ куы свæййынц, уæд уой уæлдай къæрцхъусдæр æмæ бæрнондæр.

Инспектортæ интерактивон гæнæнтæй пайдагæнгæйæ, суворовонтимæ равзæрстой бирæ уадздзагджын фæндæгты хицæндзинæдтæ, сахуыр кодтой фистæгцæуджытæ æмæ транспортон рухснысантæ кæм æвæрд ис, уыцы цæхгæрмæты æдасæй цæуыны æгъдæуттæ. Ахуырдзауты ма базонгæ кодтой мототехникæ æмæ машинæ скъæргæйæ, æнахъомтæм цы бæрнондзинады хæстæ хауы, уыдонимæ.

Ацы фембæлд арæзт уыд, цæмæй училищæйы хъомылгæнинæгты 'хсæн сфидар уой фæндæгтыл æдасæй цæуыны миниуджытæ æмæ фæндаггонтранспортон фыдбылызты профилактикæйы æгъдау фæфидардæр кæнынмæ.

**Хуссар æфсæддон зылды пресс-службæ**

Æхсæнад

# Бадзырдтæ бафыстой



**Дзæуджыхъæуы администрацийы кусджытæ фембæлдысты РЦИ-Аланийы æфсæддон комиссар Владимир СКОМОРОХИМÆ.**

**Ныхас рауад, ног дæлхайад «Барс-15»-ы фæзынд æмæ йæ ахсджиагдæр хæстыл, службæ ацæуыны фæткæвæрд æмæ сæрмагонд æмбырдты архайыны фарстатыл. Владимир Скоморох кусджыты фарстытæн дзуаппытæ радта æмæ сын радзырдта бадзырд бафыссыны уавæрты тыххæй.**

**Дзæуджыхъæуы мэр Милдзыхты Вячеслав бадзырд бафыста Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхты хъахъхъæнынадимæ дæлхайады скондмæ бацæуыны тыххæй. Милдзыхы-фыртимæ ма ахæм уынаффæ сæхицæн рахастой цалдæр кусæджы.**

**– Мæнæн ацы къахдзæф тынг вазыгджын у, мæхицæн хæсыл нымайын нæ горæт, нæ бинонтæ æмæ республикæ хъахъхъæнын. Бахъуаджы сахат та балæудзыстæм, цы ран бахъæуæм, уым, – загъта Мидзыхты Вячеслав.**

**Дзæуджыхъæуы разамонæг арфæ ракодта, абон нæ бæстæ æмæ нæ республикæ бахъахъхъæныны рæнхъыты службæ чи хæссы, уыдонæн се 'ппæтæн дæр. Бадзырд бафыссæг граждæнтæ дарддæр сæ фæллойадон архайд кæнынц сæ куысты бынæтты. Объекттæ хъахъхъæныны рæстæгмæ архайгæйæ, бадзырд бафыссæгæн йæ куысты бынат æмæ мызд закъоны бындурыл йæхиуыл фидаргонд цæуынц.**

**ДАДТЕТЫ Тамилæ**

Æнæниздзинад

# Ногдзинæдтæ диспансерон цæстдарды

**Диспансеризацийы уагæвæрдмæ ацы аз 1 сентябрæй хаст æрцыдысты, адæмы æнæниздзинадыл хуыздæрырдæм чи фæзындзæн, уыцы фарстатæ. Программæ фæуæрæхдæр, æнæниздзинадмæ цæст даргæйæ, фылдæр æргом здахын райдыдтой сæкæрниз æмæ остеопороз рагагъоммæ раиртасынмæ.**

Поликлиникæты рахызтысты ногдæр æмæ уæрæхдæргонд диспансеризацийы картæйы хыгъдмæ. Уырдæм дохтыртæ бахæссынц пациентты æнæниздзинады уæлæмхасæн бæрæггæнæнтæ, диспансеризацийы дыккæгæм къæпхæны арфдæр кæсынц низ иртасыны фарстамæ. Дыккаг къæпхæны сфидар кодтой медицинон æркастыты æмæ низ иртасыны номхыгъд, æмбæхст æмæ дæргъвæтинæй чи цæуы, уыцы низтæ раст раиртасыны тыххæй.

Æртæ азæй æртæ азмæ йæ цæудзысты 18-39 азы кары адæм, уымæй уæлæмæ кæуыл цæуы, уыдон хъæуы арфдæр диагностикæ, æви нæ.

Онкологон æмæ дадзинты низтæ рагагъоммæ раиртасынæн хаст æрцыдысты дерматовенерологы консультаци æмæ гуыбыны аортæйы низтæ, УЗИ-йы фæрцы сæ рагагъоммæ сбæрæг кæныны мадзæлттæ. Сæйрагдæр ногдзинад – генетикон тест, бæрæг кæны липопротеины æмвæзад. Зынаргъ у, диспансеризацийы рæстæг та йæ ис лæвар скæнын. Нырмæ конд нæ цыд, сентябрæй критикон ахадындзинад кæмæн ис, уыцы иртæст бахастой стандартон липидон бæрæггæнæнты номхыгъдмæ. Цæмæн у афтæ дæр уыцы бæрæггæнæн у бæрзонд. Уый та расайы зæрдæ æмæ кæройнаг артерийы низтæ. Æрыгондæр кæнгæ цæуы низ, йæ зæрдæ кæмæн аскъуыйы, уыцы рынчынты кар 65 азæй у дæлдæр. Тесты фæрцы æрыгæттæн сбæрæг кæнынц, тæссаг сын у инфаркт кæнæ инсультæй, сæ кары цалынмæ нæ бацæуой, уый агъоммæ.

Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады диспансеризацийы цæуынмæ уæлдай стыр æргом здахынц. Низтæ рагагъоммæ раиртасыны номхыгъд уæрæхдæр кæнын баст у низтæ не 'руадзынимæ. Ахсджиаг у репродуктивон диспансеризацийы цæуын дæр. Медицинон полис адæймагæн фадат дæтты æнæниздзинады уавæр лæвар сбæрæг кæнынæн. Уый тыххæй полита – æрвылаз дæр, афæдз иу хатт сын æмбæлы профилактикон медицинон æркаст лæвар ацæуын. Диспансеризаци цæуыны гæххæтты фæзынд ног графа – зæрдæйы низ рагагъоммæ бæрæг кæныны тест. Йæ хатдзæгты фæрцы дохтыр вазыгджындæр иртæстыты агъоммæ бамбары, тæссаг у адæймагæн зæрдæниз райсынæй, йæ раиртасынæн дарддæр ахсджиаг дадзинты низтæ бæрæг кæнын? Липопротеин у холестерины мурты хицæн хуыз, йæ 90 проценты аразгæ у адæймаджы генетикæйæ. Цардыуаг æмæ хæрдæй аразгæ нæу йæ æмвæзад туджы мидæг. Уый хыгъд дзы дадзинтæ байдзаг вæййынц æмæ расайы атеросклероз. Бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Уæрæсейы алы фæндзæм адæймагæн симæ бацæуын хъæуы, цы поликлиникæйыл дæ фидаргонд, уырдæм, анкетæ дзы баххæст кæнын æмæ райсын гæххæтт, цавæр дохтыртæ æмæ иртæстытæ хъæуы скæнын, уый. Кусгæ чи кæны, уыдон диспансеризаци ацæуынæн куыстдæттæг хъуамæ рауæлдай кæна иу бон.



**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Историйы сыфтæ

# Алыккаты мыггаг

**Историкон зонынадæн йæ ратæдзæнтæй иу у фольклор, таурæгътæ.**
**Мыггæгты фæзынд æмæ сæ историкон цаутæ, мыггæгты таурæгътæ, сты ирон адæмы истори раргом кæнынæн стыр ахъаз.**

Ахуыргæндтæ куыд иртасынц, афтæмæй фыццаг мыггæгтæ нæ рагфыдæлтæм фæзындысты 14-15-æм æнусты, алантæ тæтæр-манголы æмæ Тамерланы æфсæдтæй карз æфхæрд куы баййæфтой, Кавказы рæбындæр кæмттæм куы фæлыгъдысты, уый фæстæ. Таурæгътæм гæсгæ, ирон мыггæгтæн сæ фылдæры равзæрст баст цæуы Ос-Бæгъатыры номимæ. Ос-Бæгъатырæн уыди цыппар фырты – Сидæмон, Цæразон, Кусæгон æмæ Агъуызон. Таурæгътæ куыд амонынц афтæмæй Сидæмоны фырты фырттæ, Куырта æмæ йæ кæстæр æфсымæр Тæга рацыдысты Уæлладжыры комæй, æрцардысты Куырттаты комы, æмæ комы цæрджытæн разамынд лæвæрттой. Фæстæдæр, дыууæ æфсымæры кæрæдзиимæ нæ бафидыдтой, Тæга ацыд Куырттаты комæй æмæ æрцарди Дæргъæвсы комы.

Æндæр таурæгъмæ гæсгæ та Куырта æмæ Тега уыдысты Сомихы паддзахы фырттæ. Чидæр сæ хъуамæ бацахстаит паддзахы бынат, фæлæ сæ фыды фсымæры фырттæ сæ ныхмæ адæмы ардауын байдыдтой æмæ сæ марыны фæнд скодтой. Куырта æмæ Тæга дæр сæ удтæн тæрсгæйæ фæлыгъдысты Сомихæй Абхазмæ, уырдыгæй та Цæгат Кавказмæ, Ирыстонмæ.

Тæгайæн уыдис дыууæ фырты – Хъамби æмæ Тотыкк. Хъамбийæн уыди æртæ фырты – Тлатт, Æлдатт æмæ Знауыр; Тотыккæн та иу фырт-Сана.

Хъамбийы цот цыдæр знаггæдтæ ракодтой Тотыккы хæдзарвæндагæн. Уый адыл дыууæ хæдзарвæндагæн иу ран цæрæн нал уыдис. Хъамбийы цот цæргæйæ баззадысты Дæргъæвсы, Сана та æрцарди Хъæнийы. Ацы цыппар æфсымæрæй равзæрдысты иукъорд уæздан мыггаджы æмæ ахæлиу сты хæстæгдæр кæмттыл. Тæгайы номæй Джызæлдон, Гæналдон æмæ Терк цы кæмттæй кæлынц, уыдон хонынц Тæгиатæ. Тæгиатæй ма хонынц, Тæгайы цотæй чи равзæрд, уыцы 11 мыггаджы дæр.

Тлаттæй рацыди дыууæ мыггаджы – Тлаттатæ æмæ Къуындыхатæ; Знауырæй – Есенатæ, Хъаныхъуатæ æмæ Мамсыратæ. Санайæ та ацыд Санаты мыггаг.

Фыццагдæр Тлаттатæй нымад æрцыд Тлатты фырт Сæхуыг. Сæхуыгæн та уыди æртæ фырты – Алыкка, Бытъа æмæ Аспи, (чи зоны æмæ ма се 'хсæн уыдис фæлтæртæ) кæцытæй алкæмæй дæр ацыди хицæн мыггаг. Фæлæ ма бирæ азты ацы æртæ мыггаджы хуыдтой Тлаттатæй. Суанг ма 19 æнусы фехъусæн уыдис: Тлаттатæ-Алыккатæ, Тлаттатæ-Бытъатæ, Тлаттатæ-Аспиатæ.

Алыккайæн уыди æртæ фырты – Дакко, Дæхцыхъо æмæ Дари. Даккойæн равзæрди Сырхау, Сырхауæй та – Осмæн æмæ Беслæн. Дæхцыхъойы фырттæ уыдысты Бестол, Алæджыхъо æмæ Бæтæ. Бæтæйы фыртты та уæ алчидæр зоны – Доче, Аслæнбег, Будзи æмæ Огъуыллæ. Бестолы фырт та уыди Знауыр.

Бæтæйы номæй дæр рацыди мыггаг – Бæтæатæ (Бæтæтæ). Уый та уыди афтæ: Фæстагмæ ма Бæтæйы фырттæй æгасæй баззади æрмæстдæр иунæг – Огъуыллæ. Уый цалынмæ рахъомыл ис, уæдмæ царди Уæлладжыры комы, Донысæры хъæуы, йæ мадырвадæлты хæдзары. Ам дæр ын тæссаг кæй уыди, уымæ гæсгæ йæ арвыстой Куырттаты коммæ, Цымытимæ; Цымытийæ та, ус куы ракуырдта, уæд ацыд Арвыкоммæ – Къобмæ.

Цæмæй йын йæ фæд мауал ссарой уый тыххæй Къобы Огъуыллæ йæхи схуыдта Бæтæатæй – йæ фыды номæй, фæлæ Къобы дæр нæ ныллæууыди – ног хъæуæн бынат ссардта Къобæй уæлдæр æмæ уым æрцарди æд бинонтæ. Æрдзон уавæртæм гæсгæ уыцы бынат уыди знагæй хъахъхъæд æмæ ма Къобæй уырдæм цалдæр хæдзары слыгъди, хъæуыл сывæрдтой ном – Ухат.

Огъуыллæйæн йæ цоты цот уыдысты аст лæппуйы. Уыдон куы бахъомыл сты, уæд кæрæдзиимæ нæ фидыдтой, æмæ иугай-дыгай алы рæттæм хæлиу кæнын байдыдтой. Сæ иу æрцарди Джейрахы, мæхъæлы æхсæн. Æмæ ныр мæхъæлмæ дæр ис мыггаг – Батаев.

Дыууæ æфсымæры дзы æрцыдысты Ольгинскæмæ æмæ та сæ мыггаг ногæй раивтой Алыккатæм. Уый фæдыл Ольгинскæйы Алыккатæй сæ иуты хонынц Бæтæатæй, куыд хæдзарвæндаг. Иры хъæуы цæрджытæн 1860 азы цы номхыгъд арæзт æрцыд, уым ис фыст – Гагу Батаев (Аликов).

Дæргъæвсы чи вæййы, уый федтаит, Рамины рагъыл, зæппæдзты стыр къорды сæрмæ ис Алыккаты мæсыг. Хистæр фæлтæр æрæййæфтой уыцы мæсыджы хæлдæй – зæххæй уæлæмæ ма дзы баззад иу метры бæрц. Цæмæй архитектурон комплекс къахыр ма уа, уый тыххæй æвдайæм-æстайæм азты национ музейы хъæппæрисæй мæсыг ногæй кæронмæ сарæзтой паддзахады æхцайы фæрæзтæй.

Афтæмæй, мыггаг фыццаг фæзынд Дæргъæвсы, фæлæ дарддæр йæ истори баст у Хъобанимæ. Алыккаты мыггаг куы равзæрд, уæд Хъобаны комы цæрæг нæ уыди – тæтæр-манголты æмæ Тимуры æрбабырсты фæстæ дзы цæрын ничи уæндыд, уымæн æмæ быдырмæ æгæр æввахс æвæрд уыдис. Фæлæ 17-æм æнусы кæрон хохрæбынты æмæ ныллæгдæр кæмтты афтæ тæссаг нал уыди, ирон адæм дæр фæныфсджындæр сты, æмæ Дæргъæвсы комы цæрджытæ, парахатдæр зæххытæ агургæйæ, лидзын байдыдтой Хъобангоммæ. Дæргæвсы Рамины рагъыл цы мыггæгтæ цардысты, – Тылаттатæ, Алыккатæ, Бытъатæ æмæ Хъаныхъуатæ, уыдон æрцардысты Хъобаны.

Хъобан хорз æрдзон уавæрты кæй уыдис, уымæ гæсгæ тагъд райрæзти æмæ 19 æнусы райдайæнмæ сси Ирыстоны æппæтæй егъаудæр хъæу – 1826 азы Дæллаг æмæ уæллаг Хъобаны иумæ райсгæйæ уыдис 251 цæрæг хæдзары. Стыр хъæу кæй уыдис æмæ дзы ныфсхаст адæм кæй цардысты, уымæ гæсгæ Хъобан иннæ хъæутæн дæр уыди ныфсы хос, суанг ма хъобайнæгтæ сæ ныфс бахастой Уæрæсейы администрацийы ныхмæ сдзурын дæр.

Кæй зæгъын æй хъæуы, хицауады зæрдæмæ хъобайнæгты къæйныхдзинад нæ фæцыд. Бзарты Руслан куыд амоны, афтæмæй 1812 азы Владикавказы хæстон комендант инæлар Дельпоццойы разамындæй паддзахадон æфсæдтæ бабырстой коммæ, цæмæй Хъобаны цæрджытæн Уæрæсейы уагæвæрд карзæй бамбарын кæной, фæлæ хъобайнæгтæ нæ фæтарстысты, æмæ хъæумæ æрбахизæны Дыууæ доны астæу æфсады размæ æрлæууыдысты. Се 'хсæн уыдис дæсны æмæ домбай хæстон фæтæг – Алыккаты Инарыхъойы фырт Хазби. Йæхимæ хæстон фæтæджы бартæ райсгæйæ, Хазби арвыста иннæ хъæутæм æмæ кæмттæм фæдисы хабар, цæмæй йæ фарсмæ æрбалæууой тохмæ, фæлæ йæм æбацыд æрмæстдæр иу къорд Куырттаты комæй. Суанг ма Уæллаг Хъобан дæр сæхи фæиуварс кодтой. Уæддæр, чи йæм æрбамбырд, уыдонимæ Хазби баурæдта инæлар Дельпоццойы æфсад Хъобанмæ æбахизæны – Дыууæ доны устæу. Ацы ран æрхæссæм Гæдиаты Секъайы ныхæстæ: «Хазби сæ разæй фæрасти æмæ Дыууæ доны астæу Ныгъы æрдузы сынæгыл æрбадт æмæ Телпоцы æфсæдтимæ хæцын байдыдта...;

...Телпоцы æфсæдтæ фæсастысты æмæ сæхи Дзуарæфцæджырдæм айстой. Хазби йæ цухъхъайы фæдджитæ йæ астæуыл атыхта æмæ Хъобаны фæсивæдмæ дзуры: – Хæрзбон, Хъобан, цæрут.»

Секъа цы хистæрты æрæййæфта, уыдон сæ ныййарджытæй хъуыстаиккой Хазбийы хæсты æцæг хабæрттæ. Уымæ гæсгæ Секъайы ныхæстыл æууæндæн ис.

Уыцы тохы Хазби фæмард, фæлæ паддзахы æфсад ныхкъуырд баййæфта æмæ фæстæмæ аздæхт. Абон Хазбийы зарæджы вариантты нымæц хæццæ кæны 30-мæ.

Хазбийы хæсты фæстæ рæстæгмæ хохы цæрджытæ æфхæрд нал æййæфтой. Фæлæ æрцыди æнамонды 1830 аз, æмæ Дзæуджыхъæуы ног комендант инæлар Абхазовы разамындæй æфсад уæззау хæцæнгарз ифтонггондæй бабырста Ирыстоны кæмттæм. Гæдиаты Сека афтæ фыста: «Хъобан Телпоцы æфсæдты куы раздæхтой Хазбийы хæсты рæстæджы, уæд та иу къорд азты сæрибарæй ацардысты, фæлæ та дзы уалынмæ гуыбыннизваг хъæндилтæ фæзынди. Апхадзи хæхты сæттын байдыдта, фехæлдта мæсгуытæ, басыгъта гæнæхтæ, ныппырх кодта фидæрттæ, фæлæ Хъобанмæ бацæуын йæ ныфс нæ хаста, уый тыххæй æмæ Хазбийы карды æрттывдтытæ йæ цæстытыл уадысты, Хазбийы фæрдыгдзых хъримаг топпы хъæр ма йын йæ хъустæ арыдта».

Уæлдайдæр Абхазов архайдта мæсгуытæ пырх кæныныл. Уыцы дæсныйадæн йæм уыдис немыцаг хæстон инженер Бларамберг. Æнæмæнг, Алыккаты мæсыг дæр уæд æрцыдис хæлд. Иннæ хъæутæ дæрæнгонд куы æрцыдысты, уæд, афæдзы кæрон, ралæууыд Хъобаны рад.

Хъобан сси æдзæрæг – Абхазов уæлдай карзæй райста хъобайнæгтæй йæ маст – иу цæрæг дæр нал баззад хъæуы, бынсыгъд бакодта хъæу, срæмыгъта дзы 6 мæсыджы. Æвæццæгæн, мæсгуытæ пырх кæнгæйæ рæмудзджытæ срæмыгътой Хазбийы зæппадз дæр – зын бамбарæн нæу, цавæр зæрдæ дардтаид Абхазов Хазбийæн йæ коймæ æмæ йæ мардмæ дæр. Цæрджытæй бирæтæ цагъды фесты, иннæтæ тард æрцыдысты зымæджы уазалты быдыры астæумæ.

Фæстæдæр чидæртæ хъæумæ сыздæхтысты. Статистикæмæ гæсгæ, уыцы цаутыл 36 азы куы рацыд, æмæ та хъобайнæгтæ сæ уæзæгтæм лидзын куы байдыдтой, уæд, 1866 азы Хъобаны нымадæй уыдис 21 цæрæг хæдзары.

Бирæ рæстæджы дæргъы Хазбийы ном æргомæй дзурыны бар дæр нæ уыди, фæлæ йæ адæм нæ ферох кодтой, ахæм рæстæг нæ уыд, æмæ йын йæ зарæг ма зарой. Брытъиаты Елбыздыхъо 1908 азы ныффыста драмæ «Хазби», æмæ йæ раст уыцы аз хихъæппæрисадон театралон къорд сæвæрдта Тифлисы.

Паддзахы рæстæг Хазбийы ном хъæрæй дзурæн кæй нæ уыдис, уый зын бамбаринаг нæу, фæлæ советон паддзахадæн та цы кодта? Кæд дзы миййаг нæхи аххос дæр ис – йæ сæрыл чи сдзура, ахæм бæрнон лæг нæм нæ разынд? Чи зоны, Къостайы ном дæр абон хъæрæй дзурын ничи уæндыдаид, йæ æмдзæвгæтæ йын сусæгæй каст аиккам, уымæн æмæ йæ иу афон схуыдтой буржуазон националист. Фæлæ нæм разынди ныфсджын лæг – Цорæты Мылыхо, 1938 азы йæ депутаты хъæрм бынатæн нæ фæтарстæмæ Къостайы тыххæй стыр статья рауагъта газет «Известия»-йы. 1939 азы Къостайы юбилей парахатæй бæрæггонд æрцыдис, суанг ма йæ ирон адæмы Леонардо да Винчи дæр схуыдтой.

Хазби ныгæд æрцыд йæ райгуырæн хъæуы, йæ ингæн бæрæг дардта дзæппазы хæлццагæй – Хъобаны хистæртæй йæ чидæриддæр амыдта. 1998 азы Олгинскæйы Алыккатæ цалдæр лæгæй ацыдысты Хъобанмæ æмæ ракъахтой зæппадз. Метры æмбис куы ныккахтой, уæд сæмбæлдысты урс лæгъзгонд дуры къæйтыл. Ингæн æнæ археологæй гом кæнæн нæй, æмæ уымæ гæсгæ дыккаг бон зындгонд археолог æмæ историк Тменаты Виталийы цæстдардимæ дурын къæйтæ ист æрцыдысты. Стæгдар хуыссыдис уæлгоммæ, æвнæлд йæм нæ уыди. Сбарстам ингæн, сбæрæг кодтам стæгдары дæргъ – 1.75 м, фæистам къамтæ, уый фæстæ къæйтæ сæ бынаты сæвæрдтам æмæ ингæны сæрмæ сарæзтам рæстæгмæ агъуд. Дыккаг бон нæ хæдтулгæ æд къамисæн Хæххон-металлургион институты кæртæй адавдæуыди. 4 азы фæстæ хæдтулгæ милицæ ссардтой Цæцæны, фæлæ ма цæй къамисæн...

Ноджы стырдæр бæллæх байæфтам 2 боны фæстæ Хъобаны – чидæр байгом кодта ингæн æмæ схæццæ кодта стджытæ. Чи уыдысты, цы дзы агырдтой – хуыцау сæ зоны. Чи зоны, сывæллæттæ хынджылæг кодтой. Зæппадзæй цы зæхх систам, уый фæстæмæ ныккалдтам.

Фæстæдæр Алыккатæ баныхас кодтой æмæ 2011 азы бавнæлдтой Хазбийы зæппадз ногæй саразынмæ. Хорз, æмæ йæ къулты дуртæ хæлиуæй уыдысты йæ алыварс, бæрæг уыди, зæппадз йæхи æгъдауæй кæй нæ ныккалд. 2 азы фæстæ зæппадз арæзт фæци, Зæппадзы цур Хазбийæн рухсаг загътам, хуыцаумæ дæр скуывтам.

Хазбийы хæсты цаутæ кæронмæ бæрæггонд не сты, нæ ахуыргонд адæмæн се 'хæс у раиртасын уыцы дуджы истори. Абон Ирыстоны нывгæнджытæ æнæхъæн Уæрæсейы хъуыстгонд сты, фæлæ дзы Хазбийы сурæтыл ничи ма бакуыста.

Фæлæ фидарæй зæгъæн ис, паддзахадон æфсадæн сæ къухы кæй нæ бафтыд хъобайнæгты басæттын, науæд сын чи раттаид бар ахæм кадимæ баныгæнын сæ хæстон фæтæджы – сæрмагонд зæппадз арæзт æрцыди Хазбийы номыл Джызæлдоны рахиз бæрзонд былыл хибар ран, куыд цыртдзæвæн.

Лæгæн зарæгæй кадджындæр цыртдзæвæн скæнæн нæй, æмæ Хазбийы зарæг цæры ирон адæмы зæрдæты 200 азæй фылдæр. Фæлæ Хазбийæн, бæлвырддæр та – ирон лæджы ном 19 æнусы бæрзонд чи систа, уыцы хъобайнаг хъайтартæн æмбæлы саразын Хъобаны, кæнæ Дыууæ доны астæу цæстæй ахадгæ цыртдзæвæн дæр.

18 æнусы кæрон ирон адæмæн хохæй ралидзыны фадæттæ куы фæзынд, уæд Тлаттатæ æмæ Алыккатæ байдыдтой ивын сæ цæрæн бынæттæ. Фыццагдæр уыдон Хъобанæй ралыгъдысты 1825 азы æмæ æрцардысты Дзæуджыхъæуы фидармæ æввахс, ныртæккæ ирон театр кæм ис, уым. Ацы ран æрцардысты Тлаттатæй – Алыккатæй Сæхуыг, Османæн, Беслæн, Соса, Знауыр æмæ æндæртæ (æппæт нæмттæ нæ зонæм). Фæстæдæр, 1847 азы Дзæуджыхъæуæй 25 километры дæлдæр Терчы рахиз фарсыл, зæххытæ лæвæрд æрцыди сгуыхт хæстон лæг – Тлаттаты-Алыккаты Сырхауы фырт Беслæнæн, æмæ уый номæй схуыдтой хъæу. Афтæ фæзынд Беслæныхъæу. Беслæнимæ дзы бæстыхæйттæ сарæзтой йе 'рвадæлтæ дæр – Алыккатæ æмæ Тлаттатæ – Афæхъо, Тæтæрхъан, Хæтæхцыхъо æмæ ма иукъорд хæдзары.

Иу таурæгъмæ гæсгæ, Дзæуджыхъæу кæй ном хæссы, уыцы лæг – Дзæуг, уыдис Алыккаты Знауыры фырт, Быгъуылтæй та уыдис йæ мад – Знауыры номылус. Дзæуг уыди адæмы 'хсæн нымад лæг, фæлæ уæздæттæм кæй нæ хаудта, уымæ гæсгæ йæ Тлаттаты-Алыккаты мыггаг хионыл нæ нымадтой.

1844 азы Бæтæхъойыхъæуы фыццаг æрцæрджытимæ уыдысты Алыккатæ дæр.

Ирыхъæуы цæрджытæ сæ фос кæм хизой уый сын нæ уыди æмæ сын Хуымæллæджы доны былыл, галиу фарсыл лæвæрд æрцыдис зæххытæ, уым дардтой сæ уæтæртæ, хуым сæ кодтой, арæзтой дзы сæрдыгон хæдзæрттæ. Фæстæдæр, иугай-иугай Ирыхъæуккæгтæ арæзтой цæрæн хæдзæрттæ æмæ дзы цæрын байдыдтой. Сæ хъæу хуыдтой Уæтæртæ. 1864 азы дзы цæрæг хæдзæрттæ уыди 90-æй фылдæр. Ног ном æвæрд дæр ыл æрцыди – Олгинскæ. Фыццаг æрцæрджытæй иу уыдис Алыккаты Берд, æмæ уымæ гæсгæ Олгинскæйы Алыккатæн сæ иуты хонынц – Бердатæ.

1918 азы Бæтæхъойыхъæуыл сæмбæлд стыр бæллæх – мæхъæл сæм ныббырстой, фæцагътой адæмы, хъæу басыгътой. Æнæ хæдзарæй чи баззад, уыдонæн 1920 азы, Беслæныхъæумæ æввахс хицауад радих кодта зæххытæ – афтæмæй арæзт æрцыди Ног Бæтæхъойы хъæу. Алыккатæй дзы æрцардысты Дадикъо, Сосланбег æмæ Музыр.

Зилгæ фæзынди 1814 азы, фыццаг дзы æрцардысты Дударатæ. Алыккатæ æрбалыгъдысты Зилгæмæ фæстæдæр Беслæныхъæуæй – Тепсарыхъойы хæдзар.

Алыккатæ абон æппæтæй фылдæр къордтæй цæрынц Беслæныхъæуы (34 хæдзары) æмæ Дзæуджыхъæуы (39). Æдæппæтæй та Ирыстоны Алыккаты хæдзæртты нымæц хæццæ кæнынц 120-мæ.

Революцийы рæстæг, уый фæстæ та Граждайнаг хæсты, Уæрæсæйы адæмтæ кæрæдзийы нал æмбæрстой, политикон ахастдзинæдты тыххæй æфсымæр æфсымæры ныхмæ сыстад. Алыккатæй дæр иутæ, уæлдайдæр афицертæ, уыдысты паддзахы фарс, иннæтæ та сырхыты фарс – алчидæр тох кодта рæстдзинадыл, чи йæ куыд æмбæрста, афтæ.

Уыцы заман уæззаудæр цæф æрцыди Тлаттатыл – чи дзы бынтон фесæфт, чи хаст æрцыд, сæ иутæ та сæхи ныффыстой Алыккатыл – уæддæр иу мыггаг стæм зæгъгæ – Алыккаты та ног хицауад уыйбæрц нæ æфхæрдта (æвæццæгæн, Хазбийы хардзæй).

Фæлæ дзы Алыккатæм дæр рæхуыстытæ хаудта. Зæгъæм мæ фыд, Харитон 1937 азы хъавыд афицеры цардвæндаг равзарынмæ, æмæ йæ гæххæттытæ хæстон училищæмæ куы балæвæрдта, уæд сæ нæ айстой – Алыккатæ, дам, уыдысты урс афицертæ æмæ хæцыдысты революцийы ныхмæ.

Алы адæмыхатт æмæ алы мыггаг дæр сæрыстыр вæййынц сæ хуыздæр лæгтæй. Хазбийæ дарддæр ма Алыккатæм ис хъуыстгонд нæмттæ:

Алыккаты Беслæн. (1793–1886) Йæ рæстæджы нымаддæр лæгтæй иу уыди æфсады афицер Тлаттаты-Алыккаты Беслæн, сæрмагондæй йын радтой зæххытæ æмæ йæ номæй схуыдтой Беслæныхъæу.

Алыккаты Оджа. 1871 азы Ирыстонмæ ссыди Паддзах Алыксандр II, Терчы облæсты арæнтæм куы æрбахæццæ æд фæсдзæуинтæ, уæд йæ размæ рацыдысты облæсты хицауад, сæ сæргъы инæлар Лорис-Меликовимæ. Делегацийы ма уыдысты Кавказы адæмты минæвæрттæ – фæйнæ дыууæ лæджы Кæсæгæй, Цæцæнæй, Хъуымыхъæй æмæ Ирæй, уыдонимæ – Оджа, куыд Иры нымаддæр лæгтæй иу. Оджа райгуырд 18-æм æнусы кæрон Хъобаны, цардис Бæтæхъойыхъæуы.

Революцийы агъоммæ Фыццаг дунеон хæсты, советон дуджы та – Фыдыбæстæйы хæсты æнтыстджынæй архайдтой Алыккаты минæвæрттæ.

**Алыккаты Знауыры фырт Афæхъо** (1820-1873) – булкъон, райста бирæ хæстон хæрзиуджытæ, уыдонимæ – дыууæ Георгийы дзуары. Ныгæд у Беслæныхъæуы.

**Алыккаты Мухтар Аппойы фырт** (1890-1954) Фыццаг дунеон хæсты райста дыууæ Георгийы дзуары.

**Алыккаты Майрæм Аппойы фырт** (1909-1991) – инженер-булкъон, райста 2 ордены æмæ бирæ майдантæ.

**Алыккаты Роман Аппойы фырт** (1904-1980) – капитан, райста 2 ордены æмæ бирæ майдантæ.

**Алыккаты Дзбо Дударыхъойы фырт** (1910-2005) – нæ мыггаджы буц хистæр – фæцарди 95 азы, хæстæй ссыди 3 орденимæ, 5 хæстон майданимæ æмæ бирæ азты æнтыстджынæй фæкуыста хъæууон хæдзарæдты разамонæгæй. Нæ иннæ буц хистæр,

**Алыккаты Батрадз Алыксандыры фырт** (1915–2000), – архайдта Фыдыбæстæйы стыр хæсты æмæ Манчжурийы япойнæгты ныхмæ. Бирæ хæрзиуджытимæ ссыди фронтæй, уыдонимæ – Кады орден (иннæ хæзиуджытæ фесæфтысты) æмæ æныстджын фæллой фæкодта уазалгæнæн комбинаты бирæ азты дæргъы.

**Алыккаты Харитон Бæбуйы фырт** (Алексеевич) (1920-1986) – хæстæй ссыд уæззау цæфтæй 1942 азы хæстон хæрзиуджытимæ, йæ царды кæронмæ фæкуыста Олгинскæйы скъолайы ахуырады сæргълæууæгæй, математикæ æмæ физикæйы ахуыргæнæгæй. Йæ сыгъдæгзæрдæ хъазуатон фæллойы тыххæй йын лæвæрд æрцыд Уæрæсейы адæмон ахуырады иттæг хорз кусæджы кадджын ном.

**Мурат Мухтары фырт** (1924-1998) – 17 аздзыдæй ацыд хæстмæ, бахаудта немыцы къухтæм, кæцытæ йæ балæууын кодтой Францы. Амынæтæй Мурат ралыгъдис æмæ архайдта Францы партизанты къорды. Хæсты фæстæ сыздæхт, фæлæ йæ ахастой Сыбырмæ, Воркутамæ. Фæстæдæр Францæй сæрвыстой газет, уым уыдис Мураты тыххæй статья къамимæ. Мураты мад байдыдта зилын хæстон оргæнтыл æмæ уыцы газеты руаджы йæ къухы бафтыд Мураты суæгъд кæнын.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи архайдта, уыдонæн сæ фылдæр æмбис сæ хæдзæрттæм нал сыздæхтысты. Уыцы артæй ма чи раирвæзт, уыдонæй абон ничиуал ис. Рухсаг уæнт. Сæ нæмттæ сын ма рох кæнæм.

Уыди Алыккатæм партион, хæдзарадон кусджытæ, ахуырад æмæ культурæйы зындгонд архайджытæ:

**Алыккаты Терчыхъо Абацы фырт**, олгинскæйаг – уыдис фыццаг ирон рухстауджытæй иу, йæ къам ын фенæн ис Цæгат Ирыстоны национ музейы.

**Алыккаты Никъалайы фырт Ахполат** (1877–1949). Фыццаг ирон профессионалон оперон зарæггæнæг æмæ композитор. Ахполат зарыдис Киевы æмæ Харьковы оперæйы, Ирыстонмæ куы ссыди, уæд фыссын байдыдта музыкæ, куыд композитор. 1941 азы йын лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-ы Аивæдты сгуыхт архайæджы ном.

**Алыккаты Жури Бæцæйы чызг** (Татьяна Михайловна) (1901-1987) – большевикты партимæ бацыдис 1920-æм азы, ахуыр кодта Новочеркасскы техникон институты, уыдис партион кусæг Ростовы обкомы, Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты директор, Хъæуууон-хæдзарадон институты парторг. 1937 азы кæйдæр мæнг ныхасæй йæ фæбадын кодтой 10 азы, фæлæ 1947 азы куы суæгъд ис, уæд æй сраст кодтой, æмæ цы бынаты куыста, уым æй ногæй сæвæрдтой.

**Алыккаты Дзабо Аппойы фырт** – (1912-2005) уыдис Советон Цæдисы Газпромы министрады управленийы хицау, цардис Мæскуыйы, хорзæхгонд æрцыдис Сырх тырысайы орденæй. Дзабойы æххуысæй Ирыстоны хъæутæм иннæ республикæтæй раздæр байдыдтой уадзын газ.

**Алыккаты Марат Генайы фырт** – куыста Цæгат Ирыстоны Министрты разамонæджы хæдивæгæй, уыдис республикæйы Паддзахадон планы сæргълæууæг.

**Алыккаты Георгий Дзбойы фырт** – куыста Саратовы стыр авгаразæн заводы хицауæй.

**Алыккаты Æхсар Василийы фырт**. Абон нæ бон у нæ сæр бæрзæндты хæссын Алыккаты Василийы фырт Æхсарæй. Æхсар у отставкæйы булкъон, Цæгат Ирыстоны фысджыты уæнг, цы чингуытæ ныффыста, уыдоны пайда кæны, советон æфсады цалдæры паддзахады службæ кæнгæйæ цы цаутæ федта æмæ цы зонындзинæдтæ райста, уыдонæй.

Ацы номхыгъдмæ ма бафтауæн ис хæрæфырттты дæр:

**Мамсыраты Хаджумар Джеоры фырт** (1903-1968) – инæлар-булкъон, Советон Цæдисы хъайтар, архайдта граждайнаг хæсты Испанийы, Финляндийы хæсты æмæ Фыдыбæстæйы стыр хæсты. Хаджумары фæлгонцæй спайда кодта Хемингуэй йæ роман «Кæй номыл дзуры дзæнгæрæг»-ы. Хæсты фæстæ Хаджумар фæкуыста бæрзонд бынæтты Советон Цæдисы разведкæйы.

**Ходы Никъала Владимиры фырт.** (1936 –2024) – завод «Электроцинк»-ы директор, скульптор, Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæг.

**Санаты Аидæ** – спорты министры хæдивæг, олимпаг чемпион.

Æмæ ахæмтæ мыггаджы иу æмæ дыууæ не сты. Нæ хæсыл хъуамæ нымайæм се 'ппæты нæмттæ дæр сбæлвыд кæнын, уадз æмæ сæ кæстæртæн уой фæзминаг.

Кæронбæттæны ма мæм иу курдиат уыдзæн нæ мыггаджы минæвæрттæм. Нæ рагфыдæлтæ сæ рæстæджы домæнтæн дзуапп дæтгæйæ Ирыстон æмæ нæ бæстæйы сæраппонд кæдимæ фæхастой мыггаджы фарн.

Абон нæ мадæлон æвзаг уæззау уавæры кæй ис, уый тыххæй мæ фæнды, тæхуды, æмæ Хуыгаты мыггаджы куы бафæзмикка. Уыдон æрвылаз дæр журнал «Мах дуг» æмæ газет «Рæстдзинад» рафыссынц фæйнæ 50 номыры.

Æмæ нæ мыггаджы минæвæрттæ дæр уыцы хуызы куы æрбалæууиккой ирон мыхуыры фæрæзты фæрсмæ. Уæд не 'ххуысы хай хорзæрдæм фæзынид ирон æвзаджы райрæзтыл.

**АЛЫККАТЫ Руслан,**
**РЦИ-Аланийы**
**Архитекторты цæдисы**
**сæрдар**

Алыккаты Хазбийы зæппадз Хъобаны



Æрдз – нæ алфамбылай

# Цъититы бæстæ

**Цъититæ сты хæхбæсты ахсджиаг хай. Куыд зонæм, афтæмæй цъититы ис экологон æгъдауæй сыгъдæг нуазыны доны æвæрæнтæ. Уæдæ, боныхъæды уавæр, æмæ, цас æруара, уый дæр, цъититæй аразгæ кæй у, уыдæттæ дæр æнæзонгæ нæ уыдзыстут.**

Абон нæ республикæйы цъититы фæзуат у 200 квадратон километры, æмæ дзы «хъахъхъæд» цæуы бирæ милуан кубометртæ дон. Уый та æхсызгон хъæуы Цæгат Ирыстоны горæттæ æмæ хъæуты цæрджыты. Цъититæ сты тæккæ бæрзонддæр хæххон районты: Цъæй — Къæрæугомы, Сæна — Джимарайы, Тъепле — Æрхоны. Сæ фылдæры ахæссæн ис уæлкилометры, йæ фæзуат та — 30 квадратон километры.

Кæд цъититæ, æнусты дæргъы цы ихтæ бамбырд, уыдонæй конд сты, уæддæр цард фæзыны сæ уæлцъар. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, адонмæ хæхты фæхстæй æрызгъæлынц дуртæ, хуыр, змис, æлыг æмæ сыл лыстæг зайæгойтæ фæзыны, уæлдайдæр хъуына, æндæр кæрдæджытæ, донзайтæ та сырх тæпсæ ауон фос рæстæгмæ дарынæн. Иуæй-иу дзæгъæлдуртæ вæййынц туристтæ æмæ экскурсантты фæлладуадзæн бынæттæ, кæцыдæр хъæуты та сты кувæндæттæ дæр. Куыд загътам, афтæмæй цъититæ сты нуазыны доны стыр æвæрæнтæ. Хæхтæ сæ уындæй нывæфтыддæр вæййынц. Уæлдай диссагдæр та иххауæнтæ сты. Арæх цъититы уæлцъар вæййы, йæ архитектурæ ивгæ кæмæн фæкæны, ахæм ихы стыр къæрттыты хуызæн. Зæгъæм, тæккæ рæсугъддæр Къæрæугомы цъитийы иххауæны бæрзæнд у 800 метры. Диссаг вæййы уымæ бакæсын. Иххауæнты бынмæ салд къæйтæ



дæр къæпхæнмæ. Уымæй уæлдай, ауыгъд цъититæ кæй хонынц, ахæмтæ дæр нæм ис. Бæлвырд куыд у, афтæмæй фылдæр цъититæн сæ дæргъ рæстæгæй-рæстæгмæ къаддæр кæны. Зæгъæм, Цъæйы цъити фæстаг 50 азы афæдзмæ фæцыбырдæр вæййы 13-15 метры. Æввахс æм ис Схъазы цъити, æмæ уый та фæкъаддæр вæййы 3-5 метры афæдзмæ. Хъолайы цæугæ цъити 2002 азы кæй ратыдта æмæ уый аххосæй адæймаджы зиантæ кæй æрцыд, уыцы æбуалгъы цаутæ та фыстæй баззадысты Ирыстоны историйы сыфты.

Æрдзон фыдбылызы фæстæ хъарм дæттæ чысылгай сæхи æвдисын райдыдтой зæйуаты алы рæтты. Нæ республикæйы æппæты стырдæр у Къæрæугомы цъити. Уый ис Хæххон Дыгуры, йæ дæргъ у 13 пытæ фæдарынц. Хъæддаг сырдтæ æмæ мæргътæ дæр цæрынц цъититæм æввахс. Арæхдæр дзы фенæн вæййы дзæбидыртæ, хуыргæрчытæ, алыхуызон хъæндилтæ, хæлуарджытæ, мыстулджытæ æмæ æндæр цæрæгойты дæр.

Бирæ азты цæстдарæнтæ куыд равдыстой, афтæмæй цъититæ семæ рахæссынц, сæ гуырахст цалдæр мин тоннæйы кæмæн вæййы, ахæм дуртæ, æмæ сæ иу ран ныццæнд кæнынц. Арæх цъититæм æввахс фенæн вæййы хæдзары йас дзæгъæл дуртæ, къæдзæхтæй рахауæг стыр тигътæ. Ахæм дзæгъæлдур нырткæккæ дæр фенæн ис Ар-выкомы Уæллаг Ларсы илциисæн пунктмæ æввахс, хуыйны Ермоловы дур.

Ацы дуры хуызæттæ ма ис Къæрæугомы æмæ Цъæйы цъититæм хæстæг дæр. Пайда кæнæн сæ ис тайын райдайынц, æмæ афтæ фæзынынц, цыма, чи ныссалд, ахæм денджызы уылæнтæ сты. Цъитийы дæллаг хæйтты «æвзæгтæ» та сæрдыгон æппæтæй дæр чысыл цæугæдæттæ фестынц. Ихы къæрттыты ‘хсæнты сæ фæндаг фæтындзынц кæмттæм. Ахæм æрдзон нывтæ алкæмæ дæр диссаг фæкæсдзысты. Фæлæ, цъититы хуылфæй чи раирвæзы æмæ, ихын кулдуæрттæ чи рарæмудзы, уыцы ирд сахатыл адæймаг йæ цæст тынгдæр æрæвæры. Гæналдоны донгуырæнты Майлийы цъитийы та ихы рæдзæгъдтæ ‘ввахс сты зæххы тæвд улæфтмæ. Ам цъитийы бынæй цæуынц, бирæ азты адæмæн æнæниздзинад чи хæссы, Хъæрмæдоны уыцы æмбисонды тæвд суæрттæ.

*(«Рæстдзинад»-ы архивæй)*

Культурæ

## Дунеон дыккаг фестиваль-конкурс «Зауырбег»

**Ацы аз 8 октябры 15:00 сахатыл Тæбæхсæуты Балойы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон академион театры уыдзæн хореографион аивады дыккаг фестиваль-конкурс «ЗАУЫРБЕГ».**

Нæ республикæйы уый у, хъаматимæ кафт фыццаг хатт чи акодта, уыцы зындгонд кафæг Битарты Зауырбеджы ном æрымысын æмæ ирон адæмы традицитæ бахъахъхъæныны егъау культурон цау. Йæ саразджытæ сты нæ республикæйы Культурæйы министрад æмæ Адæмты хæлардзинады орденхæссæг паддзахадон академион ансамбль «Алан».

Битарты Василийы фырт Зауырбег у Цæгат Кавказы зындгонд кафæг, ахуыргæнæг æмæ балетмейстер, Цæгат Кавказы профессион хореографийы бындурæвæрæг. Садойнаг сидзæр лæппу царды гуырвъахъхъ фæндæгтыл ацыд, æмæ йæ уыдон æркодтой Мæскуымæ. Уым, балеты училищæйы ахуыр кæныны рæстæг, бафиппайдтой æрыгон адæймаджы курдиат. Бирæ азты дæргъы Битарты Зауырбег арæзта æмæ разамынд лæвæрдта кафджыты алыхуызон коллективтæн, хъомыл кодта æрыгон кафджыты æмæ сын æнæвгъауæй лæвæрдта йæ курдиаты хай.

Фестивалы хæс у Зауырбегæн канд йæ ном бахъахъхъæнын нæ, фæлæ равдисын, хореографийы цы бындуртæ сæвæрдта, уыдон абон дæр цæрæццаг кæй сты, уый. Фестивалы архайджытæ, национ хореографион коллективтæ æмæ солисттæ сæ аивадимæ базонгæ кæндзысты бæрæгбонмæ ‘рбацæуæг адæмы.

**Нæ уацхæссæг**

Фæсивæды цардæй

## Студенттæн – цымыдисаг

**Ирон литературæйы музейы æрæджы практикæйы уыдысты Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты историон факультеты дыккæгæм курсы студенттæ.**

**Зонадон кусджытæ Цыхуырбаты Сергей æмæ ацы рæнхъыты автор суинаг фæсивæдæн радзырдтой музейы куысты, агурæн æмæ рухстауæн, иртасæн æмæ æрмæджытæ бæстонгæнæн куыстыты сусæгдзинæдты тыххæй. Фенын сын кодтой музейы экспозици, йæ цымыдисаг æрмæджытæ. Зонадон кусджытæм фæсивæд цы бирæ алыхуызон фæрстытæ лæвæрдтой музейы куыст æмæ экспонатты тыххæй, уыдонæн райстой бæлвырд дзуаппытæ.**



***ГАСАНТЫ Валери***

### ХОДЫ Т.Д.

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг – РЦИ-Аланийы Æххæстбарджын минæвар Уæрæсейы Федерацийы Президенты цур Игорь Барсков йæхи æмæ йæ коллективы номæй тæфæрфæс кæны хæстæджытæ æмæ хиуæттæн, æмбæлттæн æмæ æппæт æмбæстаг адæмæн, Ходы Дзаххотты фырт Тамерлан кæй амард, уый фæдыл.**

**Тамерлан йæ цардæй кæй ахицæн, уый уæззау хабар у нæ алкæмæн дæр. Йæ цардвæндаг æнгом баст уыд, райгуырæн зæххæй дард ран чи цæры, уыцы ирон адæмы национ культурæ, традицитæ æмæ историон мысæнуат бахъахъхъæнын æмæ парахат кæныны хъуыддагимæ. Йе ‘мзæххонты иудзинадмæ арæзт, алы адæмыхæттыты ’хсæн хæлардзинад фидар кæнын æмæ æрыгон фæсивæд сæ уидæгтæн аргъ кæнынил ахуыр кæныны æнæкæрон æхсæнадон куыст у зæрдиаг бузныджы æмæ тæккæ бæрзонддæр аргъы аккаг.**



**Мæскуыйы цæрæг ирæтты æмæхсæнадыл æрцыд стыр зиан. Ходы Тамерлан уыд, кад æмæ радимæ чи цард, чи куыста, ахæм хистæр. Йæ уд, йæ зæрдæ дзаг уыдысты ирон адæмы царды æцæг цаутæй, традицитæй, æгъдауæй, удварны хæзнатæй. Ходы-фырт хъахъхъæдта фæлтæрты ‘хсæн бастдзинад, æвдыста национ æууæлтæ, егъау горæты мидæг культурон иудзинад.**

**Йæ куырыхон зонды, царды фæлтæрддзинады, æмбæстæгты уавæртæм къæрцхъусдзинады фæрцы йæхицæн хистæртæ æмæ кæстæрты ‘хсæн скодта кад. Махæн, не ‘ппæтæн дæр, Ходы Тамерлан баззайдзæн патриотизмы, æвæллайгæ архайды æмæ адæмæн зæрдæбынæй лæггад кæныны дæнцæгæй. Ходы Тамерланы бавæрдзысты 24 сентябры, Одинцовойы горæты, Бирюзовайы уынджы 9-æм хæдзары.**

**Ирон адæмы аккаг фырт, æцæг æмбал æмæ зондамонæгæн йæ ном æнустæм уæлæуыл баззайдзæн.**

Уый тыххæй ма фыстам

## Сфæлгонц кодтой Хъæбатыры номхæссæг уынг

**Джызæлы уæрæхдæр уынгтæй сæ иу хæссы Советон Цæдисы Хъæбатыр, сыбираг лæппу Петр Барбашовы ном. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг 1942 азы фæззæджы немыцы æфсæдтæ сæ быцъынæг скъуыдтой Цæгат Ирыстоны сæйраг горæт Дзæуджыхъæу бацахсынмæ, уæд сын байгом уыдаид фæндаг Грознайы нефты гуырæнтæм, Фæскавказмæ, уырдыгæй та дарддæр Хæстæг Скæсæнмæ.**

æввахс бабырыд æмæ йæ йæ риуæй ахгæдта... Йе ’мбæлттæ уый фæстæ æнтыстджынæй абырстой размæ, æмæ сæ нысан сæ къухы бафтыд. Петр Барбашовæн та раттой Советон Цæдисы Хъæбатыры къуыппытæ, дзыхъхъытæ, хæдтулгæты хицæуттæ йыл зивæггæнгæйæ цыдысты. Уый тыххæй фыста «Рæстдзинад» дæр. Уайдзæф кодтам фæндæгтæ аразæг æмæ цалцæггæнæг организацитæн, уыцы ‘взонг Хъæбатыры номхæссæг уынг ахæм уавæры кæй ис, уый фæдыл.



*Советон Цæдисы Хъæбатыр Петр Барбашовы номыл уынг раздæр...*

Æмæ мæнæ цалдæр боны размæ уынг йæ хуыз скалдта, уæлдай базилинаг цы хай уыди, уый асфальтæй бамбæрзтой – æмраст, рæсугъд æмæ удæнцой цæуынмæ. Уымæй размæ та ма йæ фарсмæ уынджы кæрæй-кæронмæ сарæзтой асфальтæй æмбæрзт къахвæндаг цæрджытæн.

Нæ зонæм, цавæр организаци бацархайдта



*...æмæ абон*

Дзæвгар тыхтимæ бырстой Дзæуджыхъæумæ немыцаг инæлартæ – танктæй, хæдтæхæгæй, фистæг æфсæдтæй уыдысты ифтонг, ницы хъуаг æййæфтой. Фæлæ советон æфсæддонтæ, нæ республикæйы цæрджытæ, айнæг къæдзæхау, æрлæууыдысты сæ размæ, тугкалæн хæст бацайдагъ горæтмæ хæстæг алфамбылай, Джызæлы сæрмæ.

Знаджы басæттыны тыххæй не ’фсæдтæ арæзтой иу ныббырст иннæйы фæдыл. Иу уысмы сæ тынг хъыгдардта фашистты пулемет. Уый æрбынæттон фидаргонд дзоты æмæ æнæвгъауæй калдта мæлæтхæссæг нæмгуытæ нæ хæстонтыл.

Æрыгон æфсæддон Петр Барбашовæн йæ командир бахæс кодта пулемет ныппырх кæнын. Лæппу йæм бæргæ хæстæг бахъуызыд, бæргæ-иу ыл баппæрста гранæттæ, фæлæ уæддæр пулемет æхста æмæ æхста. Æмæ йæм уæд Петр бынтон ном (йæ амæлæты фæстæ).

Абон Хъæбатыры ном хæссы, уæлдæр куыд загътам, афтæ Джызæлы уынгтæй сæ иу. Фæлæ ма хæрз æрæджы дæр йæ астæуты хæдтулгæты фæндаг уыдис тынг æгуыдзæг уавæры – уыцы арфæйаг хъуыддагыл, фæлæ сын зæгъæм зæрдиаг бузныг уынджы, хъæубæсты цæрджыты номæй. Гъеныр, зæгъæн ис, æвзонг Хъæбатыры номхæссæг уынгмæ фау ничиуал æрхæсдзæн.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**


### РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Для повышения плодородия почвы продаем лучшее органическое удобрение – конский перегной в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**



Номыры радхæссæг редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Хъойбайты Галинæ;**
4-æм фарсæн – **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2530. Заказ № 1054. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**